



# Nimewo Social Security pou moun ki pa sitwayen

## Ki sa ki andedan

Eske yon moun ki pa sitwayen bezwen yon nimewo Social Security?	1
Kijan pou mwen fè pou mwen jwenn yon nimewo Social Security ak yon kat?	2
Kisa mwen bezwen pote nan biwo Social Security?	2
Kilè mwen ta dwe aplike?	3
Kijan pou mwen fè pou mwen aplike pou yon nimewo Social Security ak pri kat la?	3
Kisa pou mwen fè si mwen bezwen yon nimewo pou lòt rezon?	3
Pou kontakte Sekirite Sosyal	3

## Eske yon moun ki pa sitwayen bezwen yon nimewo Social Security?

Sòf si ou se yon moun ki pa sitwayen ki vle travay nan United States, pwobableman ou pa bezwen yon Nimewo Social Security.

Anjeneral, se sèlman moun ki pa sitwayen ameriken ki otorize pou travay United States pa Department of Homeland Security (DHS) ka jwenn yon nimewo Social Security. Yo itilize nimewo Social Security pou rapòte salè yon moun bay gouvènman an epi pou detèmine elijiblite yon moun pou avantaj Social Security. Ou bezwen yon nimewo Social Security pou travay, resevwa avantaj Social Security, ak resevwa lòt sèvis gouvènman yo.

Legalman moun ki pa sitwayen yo ka jwenn anpil avantaj ak sèvis san yo pa gen yon Nimewo Social Security. Ou pa bezwen yon nimewo pou jwenn yon lisans pou kondwi,

anrejistre pou lekòl, jwenn asirans sante prive, oswa aplike pou pwogram manje midi lekòl oswa lojman sibvansyone.

Gen kèk òganizasyon ki itilize nimewo Social Security yo pou idantifye ou nan dosye yo. Pifò, sepandan, ap idantifye ou pa kèk lòt mwayen si ou mande li.

Nou pa ka bay yon Nimewo Social Security sèlman pou ou jwenn yon lisans pou kondwi oswa yon sèvis ki mande pou yon chèk kredi.

Malgre anpil konpayi, tankou bank yo ak konpayi kredi yo, ka mande w pou nimewo Social Security, jeneralman ou pa oblije bay youn si ou pa gen youn.

## Kijan pou mwen fè pou mwen jwenn yon nimewo Social Security ak yon kat?

Si w se yon imigran, ou ka aplike de fason:

- Ou ka aplike nan peyi lakay ou anvan ou vini nan United States lè w ranpli yon aplikasyon pou yon viza imigran ak the U.S. Department of State. Nan prèske tout ka yo, si ou aplike pou yon Nimewo Social Security ak yon kat avèk aplikasyon viza imigran ou, ou pa oblije vizite yon biwo Social Security nan United States. (Pou jwenn plis enfòmasyon, konsilte [www.socialsecurity.gov/ssnvisa](http://www.socialsecurity.gov/ssnvisa)); osinon
- Ou ka vizite yon biwo Social Security pèsònèlman. (Gade seksyon anba a pou ou konnen kisa ou bezwen pote nan biwo Social Security).

Si w se yon imigran, ou ka aplike de fason:

Si ou legalman prezan United States epi planifye pou aplike pou otorizasyon travay kote DHS, U.S. Citizenship and Immigration Services (USCIS), ou ka aplike pou SSN nan menm USCIS Fòmilè aplikasyon I-765 an (Application for Employment Authorization). (Pou jwenn plis enfòmasyon, konsilte [www.ssa.gov/ssnvisa/ebe.html](http://www.ssa.gov/ssnvisa/ebe.html));

Si ou legalman prezan United States epi estati viza w pèmèt ou travay, alòs ou dwe pase nan yon biwo Social Security pou w ka aplike pèsònèlman.

## Kisa mwen bezwen pote nan biwo Social Security?

### Ou dwe pwouve idantite w ak estati imigrasyon otorizasyon travay.

Pou w pwouve idantite w ak estati imigrasyon otorizasyon travay ou, montre nou dokiman valid imigrasyon Ameriken epi paspò etranje ou ki pa ekspire. Dokiman ki akseptab yo genyen ladan:

- Fòmilè I-551 (Kat Rezidans Pèmanan, Machin Imigrasyon Pou li Viza);

- So ki montre ou gen pèmisyon pou ou pèmèt travay;
- Fòmilè I-94 (*Arrival/Departure Record*); osinon
- Fòmilè I-766 (*Employment Authorization Document/EAD*).

**Pwogram Echanj Vizitè:** Si ou se yon J-1 osinon J-2 pwogram echanj vizitè, nou bezwen wè DS-2019, *Certificate of Eligibility for Exchange Visitor Status* osinon EAD. Si ou se yon J-1 etidyan, Stajè, osinon vizitè entènasyonal, ou dwe bay yon lèt esponsò. Lèt la dwe gen antèt esponsò ak siyiti orijinal ki otorize pou w travay.

**Etidyan Entènasyonal yo:** Si ou se yon F-1 or M-1 etidyan, nou vle wè fòmilè I-20 ou an, *Certificate of Eligibility for Nonimmigrant Student Status* osinon *Designated School Official (DSO) lèt*. Pou enfòmasyon sou lòt dokiman etidyan yo dwe bay, mande pou *Etidyan Entènasyonal Ak Nimewo Social Security* (Nimewo Publikasyon 05-10181-HC).

### Ou dwe pwouve laj ou.

Ou dwe prezante sètifika nesans etranje ou si ou genyen li osinon ou ka jwenn li nan 10 jou ouvab. Si non, nou ka konsidere lòt dokiman yo, tankou paspò w ki pa ekspire oswa yon dokiman ki livre pa DHS, kòm prèv laj ou.

### Ou bezwen fè yon aplikasyon.

Ou pral bezwen ranpli yon *Aplikasyon pou yon Social Security Kat* (Fòmilè SS-5). Ou kapab fè sa nan biwo Social Security osinon ou ka jwenn yon kopi fòmilè sa a sou sit enènèt nou an ou kapab enprime epi pote li avè w.

**Enpòtan:** Tout dokiman yo dwe orijinal osinon kopi ki sètifye pa ajans ki bay li an. Nou p ap kapab aksepte fotokopi osinon kopi dokiman notè. Nou p ap kapab aksepte tou yon resi ki di ou te mande dokiman.

Nou ka itilize yon dokiman pou de rezon. Pa egzanp, nou ka itilize DHS EAD kòm prèv idantite w ak estati imigrasyon otorize travay.

Sètifika nesans ou osinon paspò ki ka sèvi kòm prèy laj ou. **Poutan, ou dwe pote omwen de dokiman separe.**

## Kilè mwen ta dwe aplike?

Nou rekòmande w pou w tann 10 jou aprè w fin rive United States pou w aplike pou yon nimewo Social Security pou pèmèt nou verifye pi fasil dokiman DHS sou entènèt, sa k ap akselere pwosesis nimewo aplikasyon Social Security.

N ap voye pa lapòs ak nimewo kat Social Security otomatikman nou gen tout enfòmasyon ou yo epi fin verifye dokiman ou yo ak biwo ki livre li a.

## Kijan pou mwen fè pou mwen aplike pou yon nimewo Social Security ak pri kat la?

Aplike pou yon nimewo Social Security epi kat la gratis.

## Kisa pou mwen fè si mwen bezwen yon nimewo pou lòt rezon?

Si ou pa otorize pa DHS pou travay nan United States, ou ka jwenn nimewo Social Security sèlman si ou kapab pwouve ou bezwen li pou yon rezon valab men ki pa travay. Sa ka rive, pa egzanp, si yon eta osinon yon lwa federal oblije w pou genyen yon nimewo Social Security pou jwenn avantaj ou te deja gen dwa.

Si ou bezwen yon nimewo pou yon rezon ki gen rapò ak taks, epi ou pa otorize pou travay nan United States, ou ka aplike pou yon *Individual Taxpayer Identification Number* (ITIN) depi nan Internal Revenue Service (IRS). Vizite IRS pèsònèlman, osinon rele IRS nan nimewo gratis, **1-800-TAXFORM(1-800-829-3676)**, ak fè demann fòmilè W-7, Nimewo Idantifikasyon Endividyèl moun k ap Peye Taks

Si yon biznis osinon ajans gouvènman mande w pou yon nimewo Social Security epi ou pa otorize pou w travay nan United States, mande

si yo ka idantifye ou nan kèk lòt fason. Nan anpil ka, ou pral kapab jwenn sèvis oubyen lisans ou bezwen an san yon nimewo Social Security.

## Pou kontakte Sekirite Sosyal

Genyen plizyè fason pou kontakte Sekirite Sosyal, san wete sou entènèt, pa telefòn, epi an pèsòn. Nou la pou n reponn kesyon w yo epi pou n sèvi w. Depi plis pase 80 ane, Sekirite Sosyal te ede sekirize lavi w jodi a ak demen lè l ofri benefis ak pwoteksyon finansye pou demilyon moun nan pakou y ap fè nan lavi yo.

## Vizite sitwèb nou an

Fason ki pi pratik pou regle biznis nan Sekirite Sosyal nenpòt kote nenpòt lè, se lè w vizite sitwèb nou an **[www.socialsecurity.gov](http://www.socialsecurity.gov)**. Nan sit la, ou kapab:

- Kreye yon kont *my* Social Security pou egzamine *Social Security Statement* (*Deklarasyon Sekirite Sosyal*) ou a, verifye revni w, enprime yon lèt verifikasyon benefis, chanje enfòmasyon pou depo dirèk ou, fè demann pou yo ranplase kat Medicare ou, jwenn yon ranplasman pou fòm SSA-1099/1042S, ak anpil lòt bagay ankò;
- Aplike pou jwenn Extra Help (èd siplemantè) avèk depans plan Medicare pou medikaman ou achte avèk preskripsyon;
- Aplike pou benefis retrèt, invalidite ak Medicare;
- Jwenn kopi piblikasyon nou yo;
- Jwenn repons pou kesyon moun konn poze souvan; ak
- Anpil lòt bagay ankò!

Kèk nan sèvis yo disponib sèlman nan lang anglè. Vizite Multilanguage Gateway (pòtay multilang) nou an pou enfòmasyon nan lang kreyòl ayisyen. Nou ofri sèvis entèprèt gratis pou ede w regle biznis Sekirite Sosyal ou yo. Sèvis entèprèt sa yo disponib kit ou pale avèk nou pa telefòn kit ou vini nan biwo Sekirite Sosyal la.

## Rele nou

Si w pa gen aksè nan entènèt, nou ofri plizyè kalite sèvis otomatize, 24 sou 24, 7 jou pa semèn. Rele nou gratis nan **1-800-772-1213** oswa nan nimewo TTY nou an, **1-800-325-0778**, si w soud oswa ou gen difikilte pou tande.

Si w bezwen pale avèk yon moun, nou ka reponn apèl ou yo apati 7 è dimaten jiska 7 è diswa, de lendi a vandredi. Nou mande w pou pasyan pandan peryòd nou okipe anpil paske w ka jwenn plis siyal okipe epi w ka gen pou ret tann pi lontan anvan w gen opòtinite pou pale avèk nou. N ap tann pou n sèvi w.



Securing today  
and tomorrow

**Social Security Administration**

Publication No. 05-10096-HC | March 2018

Nimewo Social Security pou moun ki pa sitwayen

Social Security Numbers for Noncitizens (Haitian-Creole)

Produced and published at U.S. taxpayer expense

Se lajan kontribiyab Ozetazini peye ki pèmèt yo pwodui epi pibliye piblikasyon sa a